

Pou pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, BHI ap travay avèk pasyan-sa-yo pou ede yo jwenn yon pwogram asistans finansye ki ka kouvri kèk oswa tout bòdwo lopital ki poko peye. Pou pasyan ki gen asirans prive, Lopital-la dwe travay avèk pasyan-an ak konpayi asirans li-an pou detèmine kisa ki ka kouvri anba kontra asirans pasyan-an. Kòm lopital-la souvan pa kapab jwenn enfòmasyon sa-yo de konpayi asirans-la nan yon tan rezonab, se obligasyon pasyan-an pou bay plis enfòmasyon konsènan ki sèvis konpayi asirans li-an pral kouvri anvan ke yo chèche swen ki pa ijan ak sèvis pou swen ki pa ijan. Cheke Direktiv Bòdwo ak Koleksyon.

III. DEFINISYON:

AGB – sa vle di Kantite Lajan an jeneral ki voye Kòm Bòdwo pou ijans oswa swen medikalman nesèsè (ki pa ochwa) pou moun ki gen asirans.

Aplikasyon pou Asistans - sa vle di Fòm Aplikasyon pou Asistans Finansye.

BHI – sa vle di Bethesda Hospital, Inc.

EMTALA – sa vle di Tretman Medikal Ijans ak Zak Aktif de Travay, 42 USC 1395dd.

FAP – sa vle di Direktiv Asistans Finansye.

Endijan Finansye – sa vle di klasifikasyon ki dekri nan Seksyon IV. E.6 anba-la.

FPG – sa vle di Gid Povrete Federal ke yo mete ajou, chak ane nan Rejis Federal-la pa Depatman Etazini de Sante ak Sèvis Imen.

Lopital-yo – sa vle di Bethesda Hospital East e Bethesda Hospital West.

IV. DIREKTIV:

A. ASISTANS FINANSYE DISPONIB

BHI dwe bay asistans finansye a pasyan ki san asirans pou ka ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè (ki pa ochwa), ki kalifye pou klasifikasyon kòm Finansyèman Endijan an akò avèk direktiv sa-a. Espesyalman, asistans konplè (100% rabè sou chaj an gwo) dwe disponib pou pasyan san asirans ki gen revni pi ba pase 200% FPG (cheke Anèks A).

Pou BHI kapab konsidere yon pasyan pou asistans finansye, pasyan-an dwe kolabore ak Travayè Sosyal-la nan Depatman Asistans Finansye-a pou bay enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè pou aplike pou lòt sous finansman potansyèl, tankou Medicaid, Enkapasite, oswa Healthcare District. Asistans finansye-yo pral sèlman disponib, si

pasyan-an pa kalifye pou yon lòt sous finansman, e si yo te satisfè definisyon-an kòm yon moun ki Finansyèman Endijan, jan li endike nan direktiv sa-a. Pasyan-an ak/oswa moun ki bay garanti-a pral responsab pou ranpli aplikasyon pou asistans finansye-a e pou bay dokiman-yo pou verifye revni ak byen-yo ki nesèsè pou detèmine kalifikasyon pasyan-an pou asistans finansye.

Travayè Sosyal-la nan Depatman Asistans Finansye-a ap travay ansanm ak pasyan-an ak/oswa moun ki bay garanti-a, pou detèmine sous finansman apwopriye anvan ke li eseye kalifye moun nan pou asistans finansye.

Pou pasyan-yo ki pa kalifye kòm Finansyèman Endijan anba direktiv-sa-a, BHI ofri yon rabè pou pasyan ki peye pou pwòp tèt-yo, si yo kalifye. Cheke **Direktiv BHI pou Endividyal Ki Peye Pou Pwòp Tèt-yo e Sèvis Pri Fix.**

B. ANGAJMAN POU BAY SWEN MEDIKAL IJANS ANBA EMTALA

Pèsonèl nan fasilite BHI-yo, dwe trete tout pasyan ka-p chèche swen ijan, oswa swen enprevi (selon definisyon EMTALA), san diskriminasyon, e san konsidere kapasite-yo pou peye pou swen, oswa si pasyan-an kalifye pou asistans selon direktiv sa-a. Etablisman BHI va opere an akò ak tout kondisyon federal ak kondisyon de leta pou fè dispozisyon de sèvis swen sante ijan oswa enprevi, ki gen ladan-l, tès evalyasyon, tretman e kondisyon transfè anba EMTALA. Etablisman BHI ta dwe konsilte epi dwe gide pa direktiv sèvis ijans-yo, direktiv EMTALA e Kondisyon-yo ki aplikab pou Medicare/Medicaid nan Kondisyon de Patisipasyon-an pou detèmine ki sa ki konstitye yon kondisyon ijan oswa enprevi ak pwosesis-yo ke yo dwe swiv ki gen rapò ak chak.

Nan obligasyon BHI pou founi swen medikal ijans, BHI pa-p angaje nan aksyon ki dekouraje moun ka-p chèche swen medikal ijans. Pa egzanp, yo pa-p mande pasyan ki nan ka ijans pou peye anvan ke yo resevwa tretman, pou kondisyon medikal ijans-yo oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki entèfere ak lwa-an, san diskriminasyon, nan swen medikal ijans.

C. SÈVIS KI KALIFYE ANBA DIREKTIV SA-A

Direktiv sa-a aplike a tout ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè (ki pa ochwa) ke yo bay nan Lopital-yo. Cheke Seksyon IV.J, pi ba-a pou yon lis founisè, a pa de BHI, ki bay swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè (ki pa ochwa) nan Lopital-yo ki espesifye founisè-yo ki kouvri pa direktiv sa-a, e ki lès ki pa kouvri.

D. BAZ POU KALKILE MONTAN LAJAN CHAJE A PASYAN-YO

Lwa taks federal e règ-yo, entèdi lopital charitab de chaje pasyan ki kalifye pou asistans finansye, plis lajan pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè (ki pa ochwa) pase kantite lajan ke yo anjeneral voye kòm bòdwo bay moun ki gen asirans pou swen-sa yo (AGB).

BHI sèvi ak yon Metòd Retwoaktif pou detèmine AGB pou Lopital-yo. Anba metòd sa-a, yo kalkile AGB pa divize sòm total-la nan tout reklamasyon-li-yo pou swen medikal ki te otorize pa Medicare, frè-pou-sèvis, ak tout konpayi asirans sante prive, pandan yon peryòd de 12 mwa, pa sòm total ki asosye ak chaj sa-yo an gwo, pou reklamasyon sa-yo. BHI ap kòmanse aplike pousantaj-la de AGB pa 120 jou ki vini apre fen peryòd de 12 mwa-a ke yo itilize nan kalkil-la.

Manm piblik-la kapab jwenn pousantaj AGB aktyèl-la gratis atravè enfòmasyon kontak ke lopital-la etabli anba-la.

BHI pa voye bòdwo oswa atann peman an gwo / pou chaj total-yo, nan men moun ki kalifye pou asistans finansye anba direktiv sa-a.

E. KONDISYON POU KALIFYE E FASON POU APLIKE POU ASISTANS FINANSYE

1. **Kalifikasyon e Aplikasyon.** BHI sèvi ak FPG, an efè nan moman aplikasyon-an revize, pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye (checke Anèks A). BHI pral mande pou chak pasyan ka-p aplike pou asistans finansye anba direktiv sa-a, ranpli yon Fòm Aplikasyon Pou Asistans Finansye (Aplikasyon Pou Asistans). Pou mande yon kopi de Aplikasyon Pou Asistans, pou èd pou ranpli aplikasyon-an, oswa pou soumèt yon aplikasyon konplè, tanpri kontakte òganizasyon-an atravè Enfòmasyon Kontak Lopital-la ke yo bay nan Seksyon I nan direktiv sa-a. Aplikasyon Pou Asistans-la pèmèt yo kolekte enfòmasyon ke yo bezwen, enkli, dokiman pou verifye revni (jan sa dekri anba-la), pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye.

a. Detèminasyon manm fanmi pwòch. BHI pral mande ke pasyan ka-p mande asistans finansye verifye kantite moun ki nan kay-li.

1. Adilt. Nan kalkil kantite moun ki nan kay yon pasyan ki adilt, BHI pral enkli pasyan-an, mari oswa madam pasyan-an ak nenpòt depandan de pasyan-an oswa de mari oswa de madam pasyan-an.

2. Minè. Pou moun ki poko genyen laj de 18-an. Nan kalkil kantite moun ki nan kay yon pasyan ki minè, BHI pral enkli pasyan-an, manman pasyan-an, depandan de manman pasyan-an, papa pasyan-an, ak depandan papa pasyan-an.

b. Kalkile Revni

1. Adilt. Pou adilt, detèmine sòm total de revni an gwo pou chak ane de pasyan-an ak mari oswa madam pasyan-an ("Revni-a"). BHI ka konsidere lòt byen finansye de pasyan-an ak fanmi pasyan-an (manm fanmi-yo jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon Manm Fanmi Imedyat") ak kapasite pasyan-an oswa kapasite fanmi pasyan-an pou yo peye.

2 Minè. Si pasyan-an se yon minè, detèmine revni ki soti de pasyan-an, de manman pasyan-an ak papa pasyan-an. BHI ka konsidere lòt byen finansye de pasyan-an ak fanmi pasyan-an (manm nan fanmi-yo jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon Manm Fanmi Pwòch") ak kapasite pasyan-an oswa kapasite fanmi pasyan-an pou yo peye.

2. **Verifikasyon Revni**. BHI pral mande ke pasyan-an verifye Revni-li epi pou bay dokiman ke yo mande jan li endike nan Aplikasyon pou Asistans. REMAK: Dokiman taks ak W-2-yo ta dwe kolekte pou ane anvan dat admisyon-an.

B. **Dokimantasyon Ki Verifye Revni**¹ Revni kapab verifye ak nenpòt ki pwosesis sa-yo:

- Dokiman Taks (Dokiman pou verifye revni, ki prefere pa BHI)
- Fòm W-2 IRS
- Salè e Deklarasyon Salè
- Recu chèk
- Sekirite Sosyal
- Lèt de Detèminasyon pou Konpansasyon de Travayè oswa Konpansasyon Chomaj {Lajan Sosyal}
- Kalifikasyon pou pwogram asistans gouvènmantal diran 6 mwa anvan-yo (enkil: food stamps, CDIC, Medicaid ak AFDC)
- Verifikasyon pa telefòn, pa anplwayè-a de revni pasyan-an
- Deklarasyon labank ki endike depo pewòl-yo.

C. **Dokimantasyon Ki Pa Disponib**. Nan sikonstans lè pasyan-an pa kapab bay dokiman ki verifye revni-li, BHI ka nan jijman pa-li, verifye Revni pasyan-an nan de jan sa-yo:

1. Fè pasyan-an siyen Aplikasyon pou Asistans ki sètifye sensèrite-li nan enfòmasyon de Revni ke li ba yo, oswa
2. Atravè atestasyon alekri, ke pèsonèl BHI ka-p ranpli Aplikasyon pou Asistans lò ke pasyan-an vèbalman verifye kalkil revni-li pa Lopital-la.

Remak: Nan tout sikonstans kote pasyan-an pa kapab bay dokiman ki verifye revni-li, BHI pral mande pou yo bay yon eksplikasyon satisfèzan pou rezon ke pasyan-an pa kapab bay dokiman ke yo mande. Sa dwe note sou Fòm Evalyasyon Asistans Finansye-a.

¹ NÒT: Nivo povrete federal-yo, se sa nou itilize pou detemine kalifikasyon baz-la pou direktiv sa-a. Lòt enfòmasyon finansye-yo, tankou byen, kapab konsidere. Byen genyen ladan-l, lajan kach ki disponib imedyatman ak envèstisman tankou ekonomi ak kont kouran osi byen ke lòt envèstisman, ki gen ladan-l, ekonomi pou pran retrèt oswa lajan IRA, valè asirans-lavi, kont fidusye, ecetera. Byen enkli, ekite nan kay-la ki rezidans prensipal kòm byen, e lòt byen imobilye pasyan-an ak/oswa moun ka-p bay garanti-a ka genyen.

c. **Pasyan ki mouri.** Nan bi pou kalkile revni, BHI kapab konsidere ke pasyan ki mouri, pa gen okenn revni. Dokimantasyon de Revni pa obligatwa pou pasyan ki mouri. Yo toujou mande Verifikasyon revni pou nenpòt ki lòt manm fanmi (manm nan fanmi-an, jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon manm fanmi pwòch").

d. **Pasyan ki san kay.** Nan bi pou kalkile revni, BHI kapab konsidere ke pasyan ki san kay, pa gen okenn revni. Dokimantasyon de revni pa obligatwa pou pasyan ki san kay. Yo toujou mande verifikasyon de revni pou lòt manm fanmi (manm nan fanmi, jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon manm fanmi pwòch"), selman si enfòmasyon lòt manm fanmi-yo disponib.

e. **Pasyan ki nan prizon.** Nan bi pou kalkile revni, BHI kapab konsidere ke pasyan ki nan prizon (pèsonèl BHI ta dwe eseye verifye anprizònman) pa gen okenn revni, **men, se sèlman si depans medikal pa-yo pa kouvri pa branch gouvènmantal-la ki anprizonye-yo (sa vle di, Gouvènmàn Federal-la, Eta-a oswa yon Konte ki responsab pou swen-li) paske nan sikonstans-sa-yo, yo pa konsidere kòm pasyan ki san asirans.** Yo toujou mande verifikasyon de revni pou lòt manm fanmi (manm nan fanmi, jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon manm fanmi pwòch").

f. **Pasyan Entènasyonal.** Pasyan entènasyonal ki san asirans, epi ki fè yon vizit enprèvi nan BHI, pral konsidere kòm si yo pa gen okenn revni pou rezon de kalkile revni pa Lopital-la. Verifikasyon de revni toujou nesese pou lòt manm fanmi (manm nan fanmi, jan sa defini nan seksyon "Detèminasyon manm fanmi pwòch"), sèlman si lòt manm fanmi-an se sitwayen Etazini.

g. **Kalifikasyon pa kapab detèmine.** Lè pèsonèl BHI pa ka klèman detèmine kalifikasyon, pèsonèl BHI pral sèvi ak pi bon jijman-yo, epi soumèt yon nòt (nòt sa ta dwe premye fèy-la ki nan pake dokimantasyon-an) ki bay rezon pou desizyon-an ansanm ak dokiman asistans finansye ke yo remèt a sipèvizè apwopriye-a. Lè sa-a, Manadjè BHI-la, pral revize nòt-la ansanm ak dokimantasyon-yo. Si Manadjè-a dakò pou apwouve kalifikasyon-an, li pral siyen fòm Detèminasyon Kalifikasyon e li pral kontinye ak pwosesis Apwobasyon nòmal-la. Si Manadjè-a pa apwouve kalifikasyon pasyan-an anba direktiv sa-a, Manadjè-a ta dwe siyen nòt-la epi retounen tout lòt dokimantasyon-yo bay pèsonèl BHI ki pral mete yon nòt nan dosye-a, epi voye dokiman-yo bay Biwo Biznis Lopital-la pou achiv-yo. Si Manadjè-a pa dakò ak jijman pèsonèl BHI-la, Manadjè-a ta dwe di rezon pou nouvo desizyon-an, epi li pral retounen dokimantasyon-yo bay pèsonèl BHI, ki pral swiv swa pwosesis refi-a, oswa pwosesis apwobasyon-an jan Manadjè-a detèmine.

h. **Klasifikasyon Annatandan Verifikasyon Revni.** Pandan pwosesis Verifikasyon Revni-a, pandan BHI ap rasanble enfòmasyon ki nesese pou yo detèmine revni yon pasyan, pasyan-an dwe trete kòm yon pasyan ki pral peye pou pwòp tèt-li selon direktiv BHI.

3. **Fo enfòmasyon.** Fo enfòmasyon kapab lakòz ke Aplikasyon-an pou Asistans, refize. Si, apre BHI fin bay yon pasyan asistans finansye, (kòm yon moun ki Finansyèman Endijan), epi BHI dekouvri ke prèv materyèl-yo pou Aplikasyon pou Asistans pa vre, BHI kapab retire asistans finansye-a.

4. **Demann pou plis enfòmasyon.** Si li pa jwenn bon jan dokiman, BHI pral kontakte pasyan-an epi li pral mande plis enfòmasyon alekri. Yon nòt pral mete nan sistèm òdinatè BHI, e nenpòt ak tout dokiman ki te ranpli pral klasifye kòm sadwa. Pèsonèl BHI pa-p pran lòt aksyon pli lwen ke sa. Si yo resevwa dokiman ke yo te deja mande pita, yo pral chèche tout dokiman ki nan dosye-a epi yo pral rekonsidere pasyan-an pou asistans finansye.

5. **Klasifikasyon Otomatik kòm Finansyèman Endijan.** Anba-la se yon lis de kalite kont, lò ke asistans finansye konsidere otomatik e dokiman sous revni oswa yon Aplikasyon Asistans pa nesesè:
 - Medicaid kont - Jou/Benefis Fin itilize
 - Medicaid kont depans redwi
 - Medicaid oswa Medicare swen Dantè refi
 - Medicare kont Ranplasman avèk Medicaid kòm yon plan sekondè lò ke Medicare Ranplasman kite pasyan-an ak responsabilite-a

6. **Klasifikasyon kòm Finansyèman Endijan.** Finansyèman Endijan vle di ke moun ki san asirans ke yo aksepte pou swen, ki pa gen okenn obligasyon (swen gratis). Asistans konplè (100% rabè sou chaj an gwo) pral disponib pou pasyan san asirans ki gen revni pi ba pase 200% FPG. Si BHI aksepte pasyan-an kòm Finansyèman Endijan, yo ka akòde pasyan-an swen gratis, selon limit-yo ki endike pi wo-la.

7. **Pwosedi Apwobasyon.** BHI pral ranpli yon Aplikasyon Pou Asistans Finansye De Charite pou chak pasyan ki akòde kondisyon kòm Finansyèman Endijan. Pwosesis de apwobasyon-sa ap konsève ak yon apwòch de diferan nivo, dapre chaj total-yo pou chak kont. Pwosesis de apwobasyon siyen-an, se kon sa-a:

\$ 1 - \$ 100,000	Manadjè de Asistans Finansye Pou Pasyan
\$ 100,001 - \$ 250,000	Direktè Sèvis Finansye Pasyan
\$ 250,001 - ou pi wo	Vis Prezidan Finans/Chèf Ofisye Finans

- A. Kont-yo pral klasifye dapre dat ajisteman asistans finansye te antre nan kont-lan.

- B. BHI, selon jijman pa-li, ka sèvi ak sous done deyò, pa egzanp, yo chèke kredi-ou pou detèmine "Charite Sipoze," apwobasyon ki baze sou sous done de twazyèm pati piblikman disponib.

- C. **Si aplikasyon-an apwouve, apwobasyon-an ap otomatik, pou tout admisyon-yo, pou ane kalandriye-a, pou kantite lajan ke li kapab konsidere pou asistans finansye.**
8. **Refi pou Asistans Finansye.** Si BHI detèmine ke pasyan-an pa Finansyèman Endijan anba direktiv sa-a, BHI ap notifiye pasyan-an de refi sa-a, alekri.
9. **Pwosedi pou Retansyon Dokiman.** BHI pral kenbe ase dokiman pou idantifye chak pasyan ki kalifye kòm Finansyèman Endijan, Revni pasyan-an, metòd ke yo itilize pou verifiye revni pasyan-an, kantite lajan ke pasyan-an dwe, ak moun ki te apwouve akòde estati pasyan-an kòm Finansyèman Endijan. Yo pral kenbe tout dokiman sa-yo pou 7 ane anvan ke yo detwi-yo.
10. **Rezevasyon Dwa Moun.** Selon direktiv-sa, BHI rezève dwa-li pou limite oubyen refize asistans finansye nan jijman pa-li.
11. **Sèvis ki pa kouvri.** Sèvis ke yo pa konsidere kòm ijan, oswa pa ijan dapre direktiv ak pwotokòl EMTALA, pa kalifye pou asistans finansye.

F. DISPONIBLITE NAN ASISTANS FINANSYE BYEN PIBLIYE

Lopital-yo fè direktiv sa-a, Aplikasyon Pou Asistans, ak yon rezime nan lang senp de direktiv sa-a, ki byen disponib nan kominote-yo ke yo sèvi, de fason varye. Pami lòt bagay, enfòmasyon sou asistans finansye ak lòt pwogram asistans piblik, afiche nan zòn patikilye piblik nan Lopital-yo, ki nan kote sa-yo: Admisyon Santral / Aksè Pasyan, Admisyon nan Sal Ijans / Zòn Enskripsyon, Lokasyon-yo pou admisyon nan Klinik-la, Zòn Admisyon pou Pasyan ki Pral Entènè / Kote enskripsyon, kote Konseyè finansye e Biwo Biznis / Depatman Kontablite Pasyan. Siy-yo enfòmasyon pasyan-an de disponiblite asistans finansye ak lòt jan de asistans piblik, enstriksyon sou kijan pou aplike pou-yo, oswa ki jan pou jwenn plis enfòmasyon. Tout siy ak avi-yo dwe tradui nan lang angle, panyòl ak kreyòl-ayisyen.

G. AKSYON KE YO PRAN LÈ MOUN PA PEYE

Aksyon ke BHI ka pran lè yon moun pa peye dekri nan yon Direktiv de Faktirasyon e Koleksyon, separe. Manm nan piblik-la kapab jwenn yon kopi gratis, nan yon lòt direktiv, lè yo kontakte BHI atravè kontak enfòmasyon ki tabli pi ba la.

H. RESPONSABILITE E OTORITE

1. Prezidan-an dwe gen responsabilite konplè e otorite pou direktiv sa-a.
2. Vis Prezidan de Finans ak Chèf Operasyon Finans pral responsab pou asire aplikasyon direktiv sa-a.

3. Direktè-a pou Sèvis Finans Pasyan, responsab pou asire ke Depatman Asistans Finansye-a, byen klasifye dokiman-yo, e dirije pasyan-yo ki refere pa Aksè Pasyan oswa lòt sous. Direktè-a pou Aksè Pasyan, responsab pou asire ke referans apwopriye-yo te rive nan Depatman Asistans Finansye, Kontablite Pasyan e Depatman Asistans Finansye-yo, responsab pou asire konfòmite ak bon pwosedi pou kont ke yo pral anile.

I. ENFÒMASYON KONTAK POU LOPITAL-YO

Nimewo Telefòn	561-737-7733 ext 84671
Sit wèb	www.bethesdaweb.com
Adrès Postal	Bethesda Hospital East Attn: Patient Financial Assistance 2815 South Seacrest Blvd Boynton Beach, FL 33435
Adrès Fizik	Mande pou yon Konseyè Finansye nan youn nan lokal sa-yo: Bethesda Hospital East 2815 South Seacrest Blvd. Boynton Beach, FL 33435 Bethesda Hospital West 9655 West Boynton Beach Blvd. Boynton Beach, FL 33472

J. LIS FOUNISÈ

Sa ki anba-la a se yon lis nan founisè ki bay swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè nan Lopital-yo. Lis founisè sa-a, espesifye ki lès nan yo kouvri pa Direktiv Asistans Finansye BHI-a epi ki lès ki pa kouvri.

FOUNISÈ KI KOVRI NAN DIREKTIV ASISTANS FINANSYE BHI


Direktiv Asistans Finansye BHI aplike a Bethesda Hospital East and Bethesda Hospital West.

FOUNISÈ KI PA KOVRI NAN DIREKTIV ASISTANS FINANSYE BHI

Founisè sa-yo pa kouvri pa Direktiv Asistans Finansye BHI. Ou ka kontakte founisè sa-yo dirèkteman pou enfòmasyon konsènan disponiblite asistans finansye pou sèvis ke yo chak genyen.

Doktè pa Non Endividyèl:

Vizite: <http://www.bethesdaweb.com/index.cfm?fuseaction=physicianlocator.main>;

Klike sou  anba “Jwenn Doktè”

Non-a, espesyalite-yo, vil, ak kòd postal de chak manm nan pèsonèl medikal-la pral parèt nan lòd alfabetik, ansanm ak yon bouton pou jwenn aksè a plis enfòmasyon pou chak doktè.

Doktè pa Depatman:

Anestezis:

Ascent Medical Group, LLC
406 SW 12th Avenue
Deerfield Beach, FL 33442
(954) 426-1169

Sèvis Ijans:

Schumacher Clinical Partners
4849 Greenville Ave.
Suite 400
Dallas, TX 75206
(877) 693-5700

Radyoloji:

Bethesda Radiology Associates
200 Knuth Road
Suite 200
Boynton Beach, FL 33436
(561) 736-1200

Patoloji:

Bethesda Pathology Group
1955 West South Military Trail
West Palm Beach, FL 33415
(561) 641-2100

Neonatology / Pedyat ER:

KidZ Medical Services
 5955 Ponce de Leon Boulevard
 Coral Gables, FL 33146
 (305) 661-1515

Entensivists:

Critical Care Associates of South Florida, LLC
 P.O. BOX 810097
 Boca Raton, FL 33481
 (561) 939-0208

ANÈKS A
GID POU KALIFIKASYON POU ASISTANS FINANSYE
 Baze sou Gid Federal de Povrete Efektif, 25 janvyè 2016

Finansyèman Endijan

		Kalifye pou Tout Rabè
Kantite moun ki nan fanmi-an	FPG	200% FPG
1	\$11,880	\$23,760
2	\$16,020	\$32,040
3	\$20,160	\$40,320
4	\$24,300	\$48,600
5	\$28,440	\$56,880
6	\$32,580	\$65,160
7	\$36,730	\$73,460
8	\$40,890	\$81,780

Klasifikasyon Endijan Finansye - Ajoute \$ 4,160 pou chak moun anplis > 8